

Aktivite pou Aplikasyon Lwa EPA nan Phillips 66 Carson, Etablisman Rafinri Kalifòni an: Fich Enfòmasyon sou Kominote a

Mas 2024

Ajans Etazini pou Pwoteksyon Anviwònman (EPA) te envestige rafinri Phillips 66 la nan Carson, Kalifòni apre yon dife te pran nan etablisman an nan lane 2019.

Nan dat 15 Mas 2019, yo te fè Depatman Ponpye Los Angeles konnen ke gen yon dife ki eklate nan etablisman rafinri Phillips 66 nan Carson, Kalifòni. Pa gen okenn blesi ki te rapòte, e pa gen okenn evakyasyon ki te fèt. Distri pou Jesyon Kalite Lè nan Kòt Sid Kalifòni te pran echantiyon lè k ap sikile ki ni anvan ni apre izin nan. Analiz echantiyon yo pou plizyè sibstans toksik te revele ke lè a konfòm ak nòm yo sof pou bitàn, ki se yon konpoze òganik ki volatil, ke yo te dekouvri nan lè k ap sikile apre etablisman an.



Sous: LA Times, edisyon 3/15/2019

Phillips 66 dwe swiv lwa ki pwoteje kominote yo nan anpeche pwodwi chimik danjere yo libere nan lè a pa aksidan. EPA te dekouvri ke konpayi an pa t konfòme l ak egzijans Lwa sou Kalite Lè a (Clean Air Act) pou asire ke liberasyon aksidantèl sèten sibstans danjere pa menase sante ak sekirite kominote ki nan antouraj yo. Objektif travay nou an se anpeche liberasyon aksidantèl pwodui chimik ki danjere yo nan enstalasyon yo, tankou nan Refinri Phillips 66 Carson. Fich enfòmasyon sa a bay kominote Carson an enfòmasyon sou aktivite pou aplikasyon lwa EPA ki gen rapò ak etablisman an.

Apèsi sou Pwogram Jesyon Risk la ak Plan yo

Konpayi ki pwodui, transfòme, jere, oswa estoke sèten sibstans yo konsidere ki trè danjere, nan kantite ki pi wo pase yon sèten limit, dwe devlope yon plan jesyon risk jan règleman Pwogram Jesyon Risk (RMP) Lwa sou Kalite Lè a egzije li a. Objektif pwogram nan se anpeche liberasyon aksidantèl sibstans danjere ak fè kominote yo vin pi an sekirite.

Pwogram Jesyon Risk EPA a, ki etabli selon Lwa sou Kalite Lè a mande konpayi ki sèvi ak sèten sibstans ki trè danjere pou yo devlope yon

Pwogram sa a kouvri plis pase 100 pwodwi chimik. Plan konpayi an founi bonjan enfòmasyon bay ponpye lokal yo, lapolis, ak pèsònèl pou repons ijans pou prepare epi reponn ak ijans chimik nan kominote yo pou anpeche blesi ak domaj nan piblik la ak anviwònman an.

Tout pwopriyete ak operate dwe respekte reg la dwe aplike yon pwogram jesyon risk epi soumèt yon plan bay EPA. Plan an dwe

1. Idantifye (a) efè potansyèl yon aksidan chimik ak (b) etap ke konpayi an ap pran pou anpeche yon aksidan, epi
2. Presize pwosedi repons pou ijans yo sizoka ta gen yon aksidan.

Tout plan kominikasyon risk yo disponib piblikman. Apre konpayi an devlope plan etablisman li a, li pataje l ak EPA epi ak depatman ponpye ak polis lokal yo, ak lòt òganizasyon kominote yo pou prepare ak reponn ak aksidan chimik yo epi ankouraje kominikasyon ak sansibilizasyon.

Rezidan Carson yo ak gwoup kominote yo nan Kalifòni ka jwenn yon kopi Phillips 66 la, ak nenpòt lòt plan jesyon risk, lè yo vizite yon sal lekti federal ki deziyen, oswa lè yo kontakte [Komisyon Repons Ijans Kalifòni an](#) nan (916) 845-8754 oswa [Rejyon 1 Komisyon Planifikasyon Lokal pou Ijans](#) lan (310) 781-7000. Epitou, nenpòt moun ka kontakte yon konpayi oswa yon pwopriyete etablisman dirèkteman pou mande enfòmasyon sou Pwogram Jesyon Risk etablisman an, men lalwa pa oblije yo bay piblik la enfòmasyon yo. Plis enfòmasyon sou sal lekti federal yo ak plan jesyon risk yo disponib nan fen dokiman sa a.

Ankèt sou Refinri Phillips 66 Carson

Poukisa EPA ap mennen ankèt sou Rafinri sa a?

Rafinri Phillips 66 Carson an trete lwil brit epi konsève plizyè pwodui chimik ki ka pran dife sou sit la. Ensandi 19 Mas 2019 la te fèt apre antretyen ki te planifye sou yon ponp epi li te fèmen Sepulveda Boulevard, ki se yon gwo wout nan kominote Carson an. Enspeksyon ki te fèt nan dat 15-18 Avril 2019 la te montre ke ponp lan te gen yon pwoblèm ki te la deja e ke li te vibre twòp pandan fonksyònman. Phillips 66 te deja repare ponp lan pou rezoud pwoblèm vibrasyon an men li pa t fè tès apre reparasyon an pou asire ke reparasyon an te rezoud pwoblèm nan. Phillips 66 te dekouvri ke vibrasyon yo te lakoz pán nan yon pati nan ponp lan sa ki te lakoz dife a.



Phillips 66 Carson Refinery.
[Sous: Edisyon Reuters 8/2/2023](#)

Nan ki fason Phillips 66 pa te respekte Pwogram Jesyon Risk EPA a nan Refinri Carson an?

EPA te dekouvri ke yo pa t respekte egzijans Pwogram Jesyon Risk la nan rafinri Carson an, sa ki endike ke Phillips 66 pa t:

- Kenbe dyagram ak chif egzat pou tiyo ak enstriman izin nan;
- Etabli jesyon pwosedi chanjman pou chanjman ak mizajou nan ekipman yo;
- Mete ajou pwosedi fonksyònman yo apre yo te fin fè chanjman nan rafinri a;
- Bay anplwaye yo fòmasyon apre yo te fin fè chanjman nan kèk pati nan rafinri a;
- Enspekte ekipman sou yon baz regilye jan fabrikasyon yo ak bon pratik nan enjenieri yo rekòmande sa; epi
- Koriye pwoblèm ki gen nan ekipman yo ak yo te kontinye sèvi ak ekipman ki gen pwoblèm.

Kisa EPA ap fè konsènan non-konfòmite nan Refinri Phillips 66 Carson an?

Kisa EPA ka fè konsènan pwoblèm non-konfòmite RMP

Lè yon konpayi oswa yon moun vyole yon lwa oswa yon règleman anviwònman, EPA ka mande konpayi a peye yon penalite epi korije defisyan ki nan plan li a. EPA gendwa fè pousuit kriminel / penal tou pou vyolasyon lwa anviwònman enpòtan ak grav, ki reprezante yon gwo menas pou sante moun ak anviwònman an.

EPA ak Depatman Jistis la aktyèlman nan negosyasyon ak Phillips 66 pou yo rive jwenn yon akò pou rezoud pwoblèm non-konfòmite a nan refinri Carson an. Phillips 66 te deja rezoud kèk nan swadizan pwoblèm non-konfòmite EPA te jwenn pandan ankèt li a, ki gen ladan korije ak mete ajou sèten pwosedi. Aksyon nou ka anmezi pran pou pwoblèm non-konfòmite konpayi a gen ladan sanksyon sivil ak egzijans pou refinri a konfòme li ak Seksyon 112(r) Lwa sou Kalite Lè a.

Enfòmasyon Kontak EPA ak Eta a

Si w gen kesyon, kòmantè, oswa ou ta renmen mande enfòmasyon adisyonèl sou aktivite ankèt ak aktivite pou palikasyon lwa nan refinri Phillips 66 nan Carson, Kalifòni, tanpri voye yon imel bay EPA nan Phillips66case@epa.gov.

Ajans regilasyon lokal yo:

- [Sèvis Ponpye Divizyon Sante ak Materyèl Danjere Los Angeles \(HHMD\)](#)
 - Imel: AskHHMD@fire.lacounty.gov
 - Telefòn: (323) 890-4045
- [Kontak Distri pou Jesyon Kalite Lè Kòt Sid:](#)
 - Imel: webinquiry@aqmd.gov
 - Telefòn: (909) 396-2000

Ajans regilasyon eta a:

- [Ajans pou Pwoteksyon Anviwònman Kalifòni \(California Environmental Protection Agency, CalEPA\) Pwogram Prevansyon Liberasyon Aksidantèl nan Kalifòni \(CalARP\),](#)
 - Imel: CalARP@calepa.ca.gov

Sal Lekti Federal

[Sal Lekti Federal EPA a pou paj entènèt RMP a](#) gen enfòmasyon sou vizit ak kote sal sa yo sitye atravè peyi a. Anpil eta gen plizyè sal lekti federal, gen kèk EPA ap dirije epi lòt yo se DOJ k ap dirije yo.

Enfòmasyon sou sal lekti ki toupre Carson, Kalifòni a, disponib nan [paj wèb Enfòmasyon sou Danje Chimik DOJ a](#).